

Konte Miami-Dade se  
kominote pa **NOU**. Se  
kote nou rete, travay  
epi pran plezi. An nou  
pran swen li epi kenbe  
li pwòp. Jete fatra ou  
kòm sadwa pou lari nou yo,  
twotwa nou yo ak espas  
ouvè nou yo kapab rete bèl.

Efò **NOU** yo ap fè  
tout *diferans* la.

Pran enfòmasyon sou lòt jan  
ou kapab patisipe toujou.  
Rele **311** oswa al sou  
[www.miamidade.gov/cleanthingsup](http://www.miamidade.gov/cleanthingsup)




neat  
streets  
MIAMI



SUIV NOU JODI A!

 @MiamiDadeSolidWaste

 @MiamiDadeSWM

 @NeatStreetsMIA

#OurCounty #LetsCleanThingsUp

# ANN *netwaye*

N ap mete tèt ansanm avèk  
kominote **NOU** an pou n kenbe  
Konte **NOU** an pwòp



Pou kore inisyativ Kenbe Konte Miami-Dade Bèl la (Keep Miami-Dade County Beautiful), Depatman Jesyon Dechè Solid ak Depatman Pak, Rekreyasyon ak Espas Ouvè Konte Miami-Dade, pase pa Neat Streets Miami, ap mete tèt ansanm avèk Kominote **NOU** an pou lite kont fatra nan katye ak espas piblik nou yo epi anpeche li. N ap mande ou antre nan ekip nou an pou fè yon diferans. Ansanm, **Ann Netwaye!**



## ..... Kisa fatra ye?

Fatra se dechè abityèl yo tankou paregzanp boutèy plastik, goblè papyè, veso pou sèvi manje, papyè ki vlope fasfoud, sache, bout sigarèt, ak lòt zòdi yo pa jete kòm sadwa nan espas piblik yo.

## ..... Konsekans negatif fatra:

Non sèlman fatra se yon bagay lèd ou pa kapab inyore, li pa bon pou anviwònman an nonplis. Fatra polye wout ak pasaj pyeton nan katye nou yo, li bwote ale nan twou egou yo epi dirèkteman nan wout dlo yo, sa ki mete an danje vi sovaj nou an epi fè resous natirèl nou yo ditò. Fatra kapab bouche twou egou yo tou epi lakòz inondasyon nan lari.

Sa ki pi mal la, fatra bese vale pwopriyete yo. Sa ki kòmanse kòm yon oswa de mòso dechè yo jete san fè atansyon atè a kapab transfòme an yon gwo pil bagay ki kapab fè yon zòn parèt sal epi nan sèten ka menm santi move.

Finalman, jete fatra atè se yon bagay ki kont lalwa. Si yo kenbe yon moun pandan l ap fè sa, yo kapab fè li peye yon amann.

## ..... Kisa ou kapab fè pou ede?

Trete tout espas piblik jan ou t ap trete lakay ou—ofon, ou rete isit la tou! Jwenn poubèl fatra oswa resiklaj ki pi pre w lan epi jete zòdi w lan kòm sadwa. Epi tou, si ou wè fatra atè a, ranmase li. Lè ou pwòp, ou bay bon egzanp pou lòt moun suiv. Epi toujou mache avèk yon sache fatra. Kenbe sache fatra nan machin ou, nan sakamen ou oswa nan sak lekòl ou. Lè li plen, vide sa ki nan sache a nan veso ki fèt pou sa.

## ..... Antre nan yon ekip benevòl epi “Ann Netwaye”

Gwoup kominotè yo, klèb lekòl yo ak lòt òganizasyon ap rasanble ekip benevòl pou netwaye zòn ki gen fatra atè nan kominote nou yo. Tanpri enskri sou sit wèb nou an pou fè benevola nan yon aktivite ki pral fèt. Patisipan yo ap resevwa yon sètifika ki rekonèt yo kòm manm ofisyèl ekip “Ann Netwaye” nou an. Epi elèv yo ap resevwa lè sèvis kominotè epi santi fyète poutèt yo konnen y ap ede kenbe Konte nou an pwòp!